

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan media pangajaran *audio-visual* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis guguritan pupuh asmarandana ka siswa kelas viii C SMP Negeri 6 Kuningan bias dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Hasil prapanalungtikan nuduhkeun yén kamampuh siswa dina nulis pupuh asmarandana kagolong kurang (rata-rata 65,7). Sabada maké *audio-visual* dina siklus kahiji kamampuh siswa cukup (rata-rata 73,5) tapi sanggeus siklus kadua siswa robah pisan jadi kagolong hade (rata-rata 80,6). Ieu téh mere gambaran yén media *audio-visual* bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa pikeun nulis guguritan dina pupuh asmarandana.
- 2) Faktor anu ngarojong kana pangajaran nulis guguritan dina pupuh asmarandana ngagunakeun média *audio-visual* nya éta pangajaran bisa leuwih ngirut siswa, jeung bisa leuwih interaktif;
- 3) Dilarapkeunana média *audio-visual* dina matéri nulis guguritan dina pupuh asmarandana bisa nyiptakeun suasana diajar anu dipikaresep ku siswa, siswa bisa maham kana matéri anu ditepikeun, sarta bisa ngaréngsékeun tés kalayan hasil nu nyugemakeun.

5.2 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekan di luhur, ieu di handap aya sababaraha rékoméndasi.

- 1) Média *audio-visual* tétéla dipikaresep ku siswa, balukarna gedé peluangna sangkan kagiatan diajar-ngajar bisa éféktif. Ku kituna, média *audio-visual* bisa dipaké dina pangajaran.

- 2) Lian ti kagiatan diajar-ngajar di sakola, ogé média *audio-visual* bisa dipaké di luar kelas, misalna waé nalika ngajarkeun siswa anu rék miluan pasanggiri.
- 3) Média *audio-visual* dipiharep dipaké nalika kagiatan diajar-ngajar di sakola sangkan bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina matéri ajar séjéna.